

8 Avril 2022



## DEPATMAN SANTE NAN FLORIDA KONSEYE SOU MALADI MENINGOCOCCAL AK VAKSEN NAN FLORIDA

### Kontak:

786-336-1276

**Miami, FL.** – Depatman Sante Florida (FDOH) ap reponn ak yon epidemi maladi menenjit nan Florida. **Sepandan, maladi ya kapab proteje ak tretman. Pran vaksen an se pi bon fason pou pwoteje kont maladi meningococcal.**

Nimero case ki idantifye nan 2022 depase 5-ane plis ke lot ane yo nan maladi meningococcal nan Florida. FDOH dokte yo ap envestige chak ka epi kontakte moun ki ekspoze dirèk ak maladi ya pou bay yo enfòmasyon ak opsyon tretman.

Gwoup sa yo ta dwe konsidere pran vaksen pou maladi meningococcal pandan epidemi sa a:

- Elèv Kolèj ak univèsite;
- Moun ki gen sistèm iminitè defisyan;
- Moun kap viv ak HIV(sida);
- [Gason ki fè sèk ak gason](#);
- Moun ki nan nenpòt gwoup sa yo ki te resevwa vaksen yo plis pase 5 ane.

Nou kapab trouve MenACWY vaksen an, lè nou kontakte yon doktè sante, depatman sante ville la, oswa famasi. FDOH Miami-Dade ofri vaksen menococcal ou maladi ya. Pou plis enfòmasyon, visite sit entènèt <https://miamidade.floridahealth.gov> oswa rele 305-575-3800.

Sa a se yon maladi grav ki te koze pa bakteri ki rele Neisseria menenjit. Erezman, bakteri sa yo pa kontamine tankou mikwòb ki lakòz grip ak fyèv. Moun pa atrape maladi ya nan kontak aksidantèl oswa lè ou respire kote yon moun ki gen maladi ya. Si ou pre yon moun pou anpil tan, patage bwè ak moun nan, oswa bo nan bouche ak moun nan sa ka fe moun nan atrape maladi ya.

Sentòm maladi ya se lafyèv, maltèt, kou rèd, kè plen, vomisman, sansiblite limyè, konfizyon, ak gratèl. Nenpòt moun ki te ekspoze oswa devlope sentòm yo ta dwe evalye avek dokte lmedyatman. Sa a se yon maladi ki ra men grav.

Pou plis enfòmasyon sou maladi meningococcal, tanpri visite sou sit [Centers for Disease Control and Prevention website](#) or the [FDOH website](#)